**Литература**

1. Адизова Т.М. Психологические методы изучения личности учащихся в процессе общения. Методическое пособие. - Тошкент: ТДПУ, 2000, -С. 70.
2. Дубровина И.В., Данилова Е.Е., прихожан А.М. Психология. –Москва: «Академия», 1999, -С.464.
3. Психология развитие младших школьников. Под. Ред. В.В.Давыдова. –Москва: 1990.
4. Нишанова З.Т. Психодиагностика ва экспериментал психология. -Т.: 2011. 580-б.
5. Рогов Е.И. Настольная книга практического психолога. -М.: 2000, -С.490.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада методика Р.Кеттелл бўйича рус ва қорақалпоқ тилларида ўқийдиган 1-4-синф ўқувчиларининг шахс коммуникатив сифатлари талқин қилинган тадқиқот натижалари берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлены результаты анализов исследования по методу Р.Кеттелла коммуникативные качества личности учащиеся с 1-4 классов с каракалпакским и русским языками обучения.

**SUMMARY.** This article presents the results of analyzes of research using R. Cattell's method on the communicative qualities of personality in students from grades 1 to 4 with karakalpak and russian languages of instruction.


## JASLARDÍ SHAŃARAQLÍQ TURMÍSQA TAYARLAWDA SHAŃARAQTAǴÍ ETNOPSIXOLOGIYALÍQ FUNKCIYANÍŃ ORNÍ


**E.S.Suletbaeva** - *psixologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*

*Qaraqalpaqstan Respublikası Pedagoglardı jańa metodikalarǵa úyretiw milliy orayı*



**Tayanch so'zlar:** oila, oilaviy munosabatlar, etnopsixologiya, etnos, etnopsixologik funksiya, nikoh, qoraqalpoq oilasi, milliy dasturlar, avlodlar, yoshlar.

**Ключевые слова:** семья, семейные отношения, этнопсихология, этнос, этнопсихологические функции, брак, каракалпакская семья, традиция, поколение, молодёжь.

**Key words:** family, family relations, ethnopsychology, ethnos, ethnopsychological function, marriage, Karakalpak family, tradition, generation, youth.


Hár bir xalıqtıń óz úrp-ádetleri, salt-dástúrleri bar. Hár bir xalıq ózine tán mentalitetke iye. Hár bir xalıqtıń etnikalıq, etnopsixologiyalıq ózgeshelikleri sol biybaha, dúnya xalıqlarınıń qaytalanbas ruwxıy baylıǵın quraydı. Dúnyada etnos qanshelli hár túrli bolsa, sonshelli dárejede etnologiya, etnografiya bay boladı. Bul ruwxıy baylıqtıń bir bólegi kóplegen az sanlı xalıqlar menen birgelikte izsiz, qaytalanbas bolıp joǵaltılǵan.

Ózbekstanda shańaraqtıń mashqalaların úyreniwge mámlekettiń ǵárezsizlikke erisiwi úlken stimul (jiger, alǵa umtılıwshılıq) berdi. Ózbekstan Respublikasınıń hám onıń ajıralmas bólegi bolǵan Qaraqalpaqstan Respublikası ǵárezsizligi sharapatı menen shańaraqtıń social-psixologiyalıq hám etno-psixologiyalıq ózgeshelikleriniń ilimiy úyreniliwi tez pát penen jedellesip ketti. G.B.Shoumarov, V.M.Karimova hám olardıń isin dawamlawshıları N.A.Soginov, E.Usmanov, X.K.Karimova, B.Umarov, F.Ruzikulova hám taǵı da basqalardıń ilimiy, kópshilik bólegi dissertaciyalıq izertlewlerinen, sonday-aq, Z.Rasulovanıń, M.Utepbergenovtıń doktorlıq dissertaciyalarınan shańaraq psixologiyası boyınsha ilimiy mektep qáliplesken.

Etnopsixologiya boyınsha birinshi miynetlerdiń biri N.A.Soginovtıń [7] kandidatlıq dissertaciyası boldı. N.A.Soginov tárepinen ózbek shańaraǵında nekeden qanaatlanıwdıń aymaqlıq, jınıslıq hám basqa da sociallıq jáne psixologiyalıq ózgeshelikleri anıqlanǵan. Jaslardı shańaraqlıq turmısqa tayarlawda ne nárselerge ásirese ayrıqsha dıqqat qaratıw kerek ekenligin nátiyjelerdi talqılawlar kórsetti.

Balalardaǵı social-psixologiyalıq hám etno-psixologiyalıq ózgeshelikler B.Umarov tárepinen úyrenip shıǵılǵan. Tájikler shańaraǵınıń hám nekeden qanaatlanıwdıń etno-psixologiyalıq ózgeshelikleri Sh.Juraeva tárepinen úyrenilgen. Tájikler shańaraǵındaǵı konfliktlerdiń (kelispewshiliklerdiń, tartıslardıń) social-psixologiyalıq hám etno-psixologiyalıq ózgesheligi R.S.Samarovtıń dissertaciyalıq jumısında izertlengen.

Xorezmli shańaraqlardıń etnoaymaqlıq hám social-psixologiyalıq ózgeshelikleri N.Salaevanıń [4] dissertaciyalıq izertlewlerinde sáwlelendirilgen. Bul miynette basqa aymaqlardan ayırmashılıqlı ráwishte, Ózbekstannıń basqa hesh bir wálayatında bolmaǵan kelinniń qáyin enesi menen qarım-qatnasınıń (sáwbetiniń) ózgeshelikleri, kelinniń sociallıq statusı anıqlanǵan. Qırǵız shańaraǵınıń sociallıq etno-psixologiyalıq ózgeshelikleri R.Dushanovtıń dissertaciyalıq jumısında atap ótilgen. Nekege shekemgi faktorlardıń ózine tán bolıwı, qızdı alıp qashıw (urlaw) dástúri, shańaraqtaǵı shaxslararalıq qarım-qatnaslar hám taǵı basqalar atap ótilgen. Sonday-aq, shańaraqtıń úlken aqlıǵı kishken waqtınan baslap kempir apası hám atası menen jasaytuǵınlıǵı hám óziniń ákesin - ajaǵa, anasın – kishe dep aytatuǵınlıǵı keltirip ótilgen. Mektep oqıwshılarınıń muhabbat sezimindegi sociallıq-psixologiyalıq, etnopsixologiyalıq, jasına baylanıslı ózgeshelikleri F.Akramova [1] tárepinen úyrenilgen. Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı mektep oqıwshılarınıń social-psixologiyalıq jáne etnopsixologiyalıq, sonday-aq, shańaraqlıq turmısqa tayarlılıǵı máselesiniń ayırım ózgeshelikleri M.A.Utepbergenovtıń [8] kandidatlıq hám doktorlıq dissertaciyaları izertlewlerinde keltirip ótilgen. Ózbek shańaraǵındaǵı shańaraqlıq-nekelik úrp-ádet, dástúrlerdiń social-psixologiyalıq sıpatlaması Z.Rasulovanıń dissertaciyalıq jumısında keltirip ótilgen.

Ózbek hayallarınıń shanaraq, neke haqqındaǵı túsinikleriniń (kóz aldına keltiriwleriniń) social-psixologiyalıq ózgesheliklerine baǵıshlanǵan Ózbekstandaǵı eń dáslepki miynet V.Karimovanıń [3] doktorlıq dissertaciyası boldı.

«Qaraqalpaq xalqınıń epikalıq dástanlarında toy-máresimlerdegi úrp-ádet, salt-dástúrleriniń analizi» atamasındaǵı B.K.Bekjanovanıń [2:47-55] ilimiy maqalasında avtor tárepinen nekege shekemgi faktorlar ulıwma hám ásirese kúyewdi jáne kelinshekti tańlaw máselesiniń ózgeshelikleri úyrenip shıǵılǵan. Maqalanıń mazmunına muwapıq, kúyewdi kelinshek saylaydı (tańlaydı), bunda bir neshe shártlerdi qoyadı (at shabıw, oq jaydan atıw, kelinshek penen gúresiw sıyaqlı jarıslar), haqıyqattan da, matriarxat dáwirinde (biziń eramızǵa shekemgi I ásir) tariyxta bolǵanlıǵı bizge málim.

Sonı da atap ótiw orınlı, qaraqalpaqlar tariyxıy dáwirlerden baslap óziniń xalqınıń, áwladınıń fizikalıq, ele de anıǵarıq aytatuǵın bolsaq, psixologiyalıq salamatlıǵına ayrıqsha dıqqat qaratqan. Bul kóshpeli, yarım kóshpeli turmıs tárizin alıp barıwshı xalıqlarǵa tán bolıp esaplanadı. Bunday pikir bildiriw ushın tek ǵana olardıń biziń eramızǵa shekemgi I ásirge deyin alıp barǵan turmıs tárizi sebep emes, hátteki onnan keyingi dáwirler de, búgingi kúnge shekemgi dáwir de sebep boladı.

Olarda jaqın aǵayinler arasındaǵı neke tabuda (qatań qadaǵan etiliwde) ekenligi bunday faktlerdiń biri bolıp xızmet etiwi múmkin. Olar tek ǵana jaqın aǵayinleri arasındaǵı emes, al ulıwma óziniń qáwiminen qız alıp, qız beriwdi tán almaydı (ruxsat etpeydi). Rossiyanıń arqa aymaqlarındaǵı kóplegen az sanlı xalıqlardıń joq bolıp ketiwine alıp kelgen. Al qalǵan az sanlı xalıqlar óz qáwimin

saqlap qalıw jáne áwladın dawam ettiriw maqsetinde bir qansha salt-dástúrlerdi kiritiwge májbúr bolǵan. Mısal ushın, solardan biri, tanıslarınıń úyine alıs aymaqlardan qıdırıp kelgen qonaq (er adam) eger bir neshe kún miyman bolatuǵın bolsa, sol úydiń hayalı menen jatıwı (túnewi), yaǵnıy jınısıy qatnasta bolıwı kerek bolǵan. Birinshi kózqarastan ádep-ikramlılıqqa say kelmeytuǵın bunday salt-dástúrlerdiń kiritiliwi menen olar ózleriniń etnosın, tuqımın, urpaǵın saqlap qalıwǵa háreket etken hám bul genetikalıq jáne ilimiy jaqtan dálillengen (ózin aqlaǵan).

Qaraqalpaqstan Respublikası xalqına jáne qaytatuǵın bolsaq, sonı da atap ótiw kerek, shańaraqtaǵı hárbir perzent qaysı urıwdan ekenligin biletuǵın bolǵan, sonıń menen birge hátteki jeti ata-babasın da yadtan bilgen.

Qaraqalpaqlardıń qalalardaǵı shańaraqlarındaǵı balalardıń tárbiyalanıwı mashqalası etnograf Irina Maratovna Sadgyan [6] tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Nókis qalası hám Shımbay rayonı mısallarında úyrenilgen. Bul miynette balanıń dúnyaǵa kelgeninen baslap erjetkenine shekem tárbiya beriwdiń etno-pedagogikalıq ózgeshelikleri tolıq keltirip ótilgen. Avtor tárepinen xalıq úrp-ádetleri hám salt-dástúrleriniń etnikalıq ózgeshelikleri, bul salt-dástúrlerdiń maqsetleri interpretaciya etilgen (túsindirilgen) halda áshkar etiledi.

Dissertaciya materiallarında shańaraqtıń strukturasınıń, túriniń (úsh áwladlı, nuklear, qalalıq, awıllıq) tásir etiwi máselesi, balalardı tárbiyalawda kempir apasınıń hám atasınıń roli aytarlıqtay áhmiyetli orın iyeleydi.

Qaraqalpaq xalqı hár qıylı jaǵdaylarǵa baylanıslı ózleriniń milliy xalıqlıq úrp-ádet dástúrlerin esten shıǵarıp baslaǵanı (mısalı: milliy qol ónerlerin, xalıq sheberleriniń qara úylerin tayarlaw usılların, kesteshilikti) avtor tárepinen orınlı atap ótilgen. Ilimiy miynette dinamikada balanıń socializaciyası hám oǵan tásir etiwshi faktorlar sáwlelengen. Bul miynet bunnan 30 jıl aldın juwmaqlanǵanına qaramastan, avtor tárepinen alǵa súrilgen pikirler óziniń aktuallıǵın, áhmiyetliligin saqlap qalmaqta, sebebi Qaraqalpaqstan Respublikası húkimeti tárepinen xalıqtıń tariyxıy, mádeniy miyrasın, etnikalıq kóptúrlilik jáne ruwxıy baylıǵın nátiyjeli paydalanıw hám saqlap qalıw boyınsha maqsetke baǵdarlanǵan, uzaq múddetli baǵdarlamalardıń ózi joq.

Bar bolǵan milliy bahalılıqlardı progresstiń (zamanagóy rawajlanıwdıń) joq etiwine jol qoyıp bolmaydı, sonnı da esten shıǵarmaw kerek – bul turmıs ǵamınıń, shańaraqtıń, balalar tárbiyasınıń, sonday-aq, olar menen baylanıslı salt-dástúrlerdiń etnikalıq hártúrliligi waqıttıń ótiwi menen kerisinshe jáne de kóbirek bahalı boladı, al olardı qayta tiklew bolsa júdá qıyın keshedi.

Hárbir xalıqta shańaraq basqa da kóplegen funkciyalar menen birgelikte bizler etnopsixologiyalıq funkciya dep ataytuǵın mentalitettiń, milliy hám xalıqlıq úrp-ádetlerdiń, salt-dástúrlerdiń, etnostıń wákili bolıp esaplanadı. Kishkene bala usınday etnografiyalıq úrp-ádetlerdi hám salt-dástúrdi kórip, baqlap jáne ózleri de bularda qatnasa otırıp, olardı ózlestiredi, soń ózi de úlken jasqa jetken waqtında olarǵa qatań túrde ámel etedi, olardı ámelge asırıw procesinde qatnasadı jáne keleshek áwladqa olardı miyras etip jetkeredi. Mine, usınıń ózi shańaraqtıń etnopsixologiyalıq funkciyası. Ol jaslardı shańaraqlıq turmısqa tayarlawda, úyim-jayım, xojalıǵım dep júretuǵın insannıń qáliplesiwinde barlıq waqıtta ornı girewli bolǵan, biraq izertlewshilerdiń hesh biri tárepinen ayrıqsha túrde shańaraqtıń funkciyalarınıń biri sıpatında ajıratıp kórsetilmegen jáne atap ótilmegen. Tilekke qarsı, sonı da atap ótiw kerek, shańaraq institutınıń ulıwmalıq krizisi etnopsixologiyalıq funkciyasınıń saqlanıwına keri tásir etti. Respondentlerdiń sorawǵa bergen juwabı da usı haqqında gúwalıq beredi.

Balalarda milliy úrp-ádetler, salt-dástúrler járdeminde shańaraqta ustanovka hám milliy mentalitettiń basqa da quramlarınıń qáliplesiwi shańaraqtıń etnopsixologiyalıq funkciyası bolıp esaplanadı. (E.S.Suletbaeva).

Shańaraq bul funkciyanı orınlawı boyınsha bizler tárepinen 3 toparǵa bólinedi:

– bul funkciyanı tolıq orınlaytuǵın shańaraqlar;

– etnopsixologiyalıq funkciyanı ortasha orınlaytuǵın shańaraqlar;

– etnopsixologiyalıq funkciyanı tómen orınlaytuǵın shańaraqlar.

Alınǵan nátiyjelerdiń analizi sonı kórsetedi, 97% bul máselede tolıq dálilleri jeterli emes ekenligin, tayar emesligin bildirgen. Joqarı klass oqıwshılarınıń tek ǵana 3% bul sorawǵa tolıq emes juwap bergen. Bunday nátiyjeler, yaǵnıy, tolıq bilmewdi 63% licey oqıwshılarınıń hám 75% studentlerdiń juwaplarında kóriwge boladı. Kontracepciyanıń tiykarǵı quralları haqqındaǵı bilimlerinde de, yaǵnıy, ananıń jáne balanıń salamatlıǵına tikkeley baylanıslı bolǵan, ananıń organizmi ushın zárúr bolǵan bala tuwıw aralıǵınıń saqlanbawı aqıbetinde hár jılı balalardıń tuwılıwı, aborttıń aldın alıw hám taǵı basqa usı sıyaqlı máselelerde barlıq úsh topardaǵı respondentler de usınday tómen dárejeni kórsetti.

Shańaraq — bul áwladtan-áwladqa óziniń etnikalıq, sonıń menen birge etnopsixologiyalıq ózgesheliklerin jetkeretuǵın hám saqlap qalatuǵın birden-bir turaqlı túrde háreket etiwshi institut bolıp esaplanadı. Solay etip, bizler tárepinen birinshi márte kiritilip atırǵan shańaraqtıń etnopsixologiyalıq funkciyası úsh máseleni sheshedi:

- etnostıń ózgesheliklerin, psixologiyalıq aspektlerin saqlap qalıw;

- jetilistiriw nátiyjesinde waqıt, dáwir talabına muwapıq belgili bir psixologiyalıq korrektivalardı (dúzetiwlerdi, tolıqtırıwlardı) kiritiw (engiziw);

- shańaraqtıń etnopsixologiyalıq ózgesheliklerin bir áwladtan basqa ekinshi áwladqa ótkeriw[9].

Usıǵan baylanıslı: ***«Ata-analar ózleriniń balalarına xalıq úrp-ádetleri menen salt-dástúrlerin miyras etip qaldırıwı kerek pe?»*** degen sorawǵa berilgen juwaplar oǵada qızıqlı bolıp esaplanadı. Juwaplarǵa muwapıq, 85% studentler, 74% licey oqıwshıları hám 66% mektep oqıwshıları bunı shártli túrde dep esaplaydı. Sonıń menen birge, 33% mektep oqıwshıları, 24% licey oqıwshıları hám 13% studentler bunı ózleriniń qálewi boyınsha bolıwı kerek, biraq, májbúriy emes, shártli túrde bolmawı kerek dep esaplaydı.

Bul 1/3 mektep oqıwshıları hám 1/4 licey oqıwshılarında milliy xalıq úrp-ádetleri jáne salt-dástúrleriniń roli hám áhmiyeti haqqında túsinikler jeterli dárejede qáliplespegeninen dárek beredi. Bul respondentlerdiń kópshiligi etnogenez haqqındaǵı, bul xalıq danalıǵı haqqındaǵı bilimlerge hám neniń tiykarında olar ásirler ótse de búgingi kúnge shekem xalıqtıń arasında saqlanıp kiyatırǵanlıǵı haqqında túsinikke iye emes.

Sonlıqtan da, «Tariyx», «Tárbiya» hám basqa da usı sıyaqlı óz aldına arnawlı predmetler sheńberinde oqıwshılarǵa shańaraq penen tikkeley baylanıslı bolǵan ayırım úrp-ádetler jáne salt-dástúrlerdiń kelip shıǵıw tariyxı, olardıń rolin hám áhmiyetin súwretlewshi 1 yamasa 2 bet kólemindegi óz betinshe jumıslardı tayarlaw boyınsha tapsırmalardı beriw maqsetke muwapıq dep esaplaymız.

Bunday máselelerdi etnografiyalıq yamasa tariyxıy muzeylerge barǵanda aytıw, túsindiriw, tárbiya saatlarında da usı máselelerdi talqılaw kerek boladı. Shańaraqta hár bir milliy xalıq úrp-ádetlerdi, salt-dástúrlerdi orınlaǵan waqıtta da onıń mazmun-mánisine, kelip shıǵıw tariyxına, áhmiyetine hám insannıń ómirindegi, shańaraǵındaǵı jáne shańaraqlıq qarım-qatnaslarındaǵı roline qısqasha toqtap ótiw zárúr boladı.

Joqarıda aytıp ótilgenlerdiń barlıǵı jeke shaxstıń sociallıq jetilisiwinde úlken áhmiyetke iye, jaslardıń shańaraqlıq turmısqa tayarlılıǵı dárejesi buǵan júdá

baylanıslı boladı. Etnopsixologiyalıq hám etno-áwladlıq ózgesheliklerdi húrmet etiw kópshilik jaǵdayda erli-zayıplılardıń, sonıń menen birge, ene-kelin arasındaǵı shaxslararalıq konfliktlerdiń aldın alıwdıń faktorı bolıp xızmet etedi. Joqarıdaǵılardan kelip shıǵıp, shańaraqlıq turmısqa tayarlawda jaslarǵa milliy úrp-ádetler menen salt-dástúrler xaqqındaǵı bilimlerdi beriw zárúr bolıp esaplanadı. Bunda milliy úrp-ádetler menen salt-dástúrlerdiń mazmun-mánisine ulıwma túsinbesten tek ǵana ámel etip emes, al, xalıqlıq yamasa etno-miynet salt-dástúrleriniń tereń mánisin túsinip, olardı shańaraq institutı, jámiyet hám shaxstıń mápi ushın qollanıw kerek boladı. Jaslardı shańaraqlıq turmısqa tayarlawda nekedegi sheriginiń áwladına xúrmet penen qarım-qatnasta bolıwǵa ayrıqsha dıqqat qaratıw kerek.

## Ádebiyatlar

1. Акрамова Ф.А. Социальные и этнопсихологические особенности проявления чувства любви в представлениях старшеклассников. Автореф. канд. психол. наук. /19.00.05/ - Ташкент: 1997. – С. 18.

2. Бекжанова Б.К. Историко – этнографические аспекты свадебно – обрядового фольклора каракалпаков (на примере семейно-брачных обрядов). Автореферат диссертации доктора философии (PhD) по историческим наукам. – Нукус: 2020. - С. 23.

3. Каримова В.М. Социальные представления об узбекской семье у юношей и девушек: Автореф. дис… канд. психол. наук. - Ташкент: 1994. –С.40.

4. Салаева Н. Хоразм оилаларининг этнопсихологик хусусиятлари: Психол. фан. номз. … дис. – Т.: УзМУ, 2002. 162-б.

5. Самаров Р.С. Социально-этнопсихологические особенности супружеских конфликтов в таджикской семье. Автореф. дисс. канд. псих. наук. -Ташкент: 1997. – С. 34.

6. Садгян И.М. Воспитание детей в городской семье каракалпаков /опыт этнографического изучения по материалам Нукуса и Чимбая Рес. Каракалпакстан. /Автореф.дисс.канд.истор.наук./07.00.07./ - Т.: 1993

7. Согинов Н.А. Социально-психологические особенности удовлетворенности браком в узбекской семье. Автореф. дисс. канд. психол. наук. (19.00.05). -Киев: 1990. –С. 20.

8. Утепбергенов М.А. Социальные и этнопсихологические проблемы Каракалпакской семьи. Автореферат дис. доктора (DSc) псих. наук. – Ташкент: 2019. -С. 216.

9. Шоумаров Ғ. ва бошқ. 1001 саволга психологнинг 1001 жавоби: услубий қўлланма. -Тошкент: «Bookmany Print», 2023. 282-b.

**REZYUME.** Maqolada oilaning ijtimoiy-psixologik va etnopsixologik xususiyatlari va yoshlarni oilaviy hayotga tayyorlashda etnopsixologik funktsiyaning ahamiyati tahlil qilinadi va oila etnik, shu jumladan etnopsixologik xususiyatlarini saqlab qolish, takomillashtirish va avloddan-avlodga o'tkazish haqida ma’lumotlar berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются социально-психологические и этнопсихологические особенностей семьи и важность этнопсихологической функции при подготовке молодежи к семейной жизни и дана информация о сохранении, совершенствовании и передаче из поколения в поколение этнических, в том числе этнопсихологических особенностей семьи.

**SUMMARY.** The article analyzes socio-psychological and ethnopsychological features of the family and the importance of ethnopsychological function in preparing young people for family life. The family is the only permanent institution of preservation, improvement and transmission from generation to generation of its ethnic, including ethnopsychological features.

# ШАХС ГЕНЕЗИСИДАГИ КОГНИТИВ РИВОЖЛАНИШИГА ДИНИЙ ЭЪТИҚОДНИ ТАЪСИРИ

**Л.С.Турсунов** – *психология фанлари номзоди, доцент*
*Низомий номидаги Тошкент давлат университети*

**Таянч сўзлар:** шахс, эътиқод, когнитив, генезис, ролли ўйинлар, ижодий, тасвирий, конструктив, фаолият, содда меҳнат, нутқ, ундовчи, хоҳиш-истак, тасаввур, ривожланиш.

**Ключевые слова:** личность, убеждение, познавательное, генезис, ролевые игры, творческая, описательная, созидательная, деятельность, несложный труд, речь, увещевание, желание, воображение, развитие.

**Key words:** personality, belief, cognitive, genesis, role-playing, creative, descriptive, constructive, activity, simple work, speech, exhortation, desire, imagination, development.

Шахснинг эътиқоди ижтимоий жамиятдагина шаклланадиган олий даражадаги ижтимоий хусусиятларидан бири бўлиб, у шахслиликни намоён этиши жараёнида шахсни “мен”лиги ва ўзлигини намаён этади. Илк болалик даврида бола дастлаб биологик эҳтиёжларини қондирувчи манбалар билан танишиб бориши билан бир қаторда, катталарни ҳаракатларига тақлид этиши орқали ўзини кичик жамоани (оилани) эътиборли аъзоси сифатида дастлабки “мен”лигини куртакларини намоён этиб боради.

Кичик боғча ёши (3-4 ёш) босқичида аксари болаларда идрокини яхлитлигини дастлабки кўринишлари, хотирадаги маълумотлардан фойдаланишдаги танловчанлик, тафаккурда ҳаракатли умумлаштириш ва хаёлда турли образларни бўрттириб акс эттириш каби когнитив жараёнлар билан бирга диққатнинг йўналганлиги, нутқни вазиятга нисбатан ишлата билиш ва йўналган фаолиятни дастлабки мақсад ҳамда режалари кўрина бошлаган даври ҳисобланади. Мазкур даврнинг энг эътиборли томони когнитив жараёнлар таъсирида боланинг “мен”лиги юзага келиши жадаллашган босқичи хисобланади.

Айнан ана шу даврда когнитив жараёнлар таъсирида болада турли руҳий ҳолатлар ва турли хил хоҳиш ва истаклар юзага келиб уни феъл –атворини намоён эта бошлайди. Мазкур ҳолатни Э.Ғ.Ғозиев қуйидагича таърифлаганлар “Боланинг хоҳиш ва истагидаги айрим ўзгаришлар, уларнинг тасаввурлар билан бирлашуви мактабгача ёшдаги субъектларда фаолиятнинг янги кўринишлари (ролли ўйинлар, ижодий, тасвирий ва конструктив фаолият, содда меҳнат фаолияти) кенг кўламда ривожланишига қулай имконият яратувчи шарт-шароит ҳисобланади” [1].

Боладаги янги кўринишдаги фаолият аксар ҳолларда тақлид асосида юзага келиши кўплаб тадқиқодчиларни ишларида илмий асосда асослаб берилган. Ана шу тақлидий ҳаракатларни амалга ошириш жараёнини келажакда бола руҳиятида ижобий натижаларга олиб келувчи фаолиятга буриб юбориш тарбиядаги энг нозик усуллардан бири ҳисобланади.

Мактабгача даврда ўзлаштирилган билимларни халқимиз тилида тошга ўйиб ёзилган билимга ўхшатилиши бежиз эмаслиги исбот талаб қилмайдиган ҳақиқат десак, муболаға бўлмайди. Бола катталарни ҳаракатларини кузатар экан ҳаракатни моҳиятини тушуниб етмаслиги табиий ҳол. Ҳар бир харакатнинг остида фаолиятга ундовчи омилни тушунишга эса боладаги тажриба ва билимларни етишмаслиги мутахассислар томонидан таъкидлаб келинади. Мазкур даврда ҳаракатни моҳиятини англашга бўлган хоҳишни юқори бўлиши ҳақида Э.Ғ.Ғозиев қуйидаги фикрни илгари сурганликлари алоҳида эътиборга лойиқ “Ҳаракатга ундовчи хоҳиш-истак боланинг тасаввури